



Pou Piblikasyon Imedya: 19/12/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PWOGRESE AK OPÒTINITE LOJMAN: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKÒ POU
KREYE APEPRÈ 1,400 NOUVO KAY AK 404 INITE ABÒDAB PÈMANAN NAN
PWENT LWÈS MANHATTAN**

*HDSN pral premye devlopman lojman nan Vil Nouyòk ki depase koyefisyen
okipasyon teren an ki se 12 nan plis pase 60 ane*

*'Hudson Boulevard Collective' patenarya Biznis Minorite Posede yo pral devlope
pwojè 1.35 milya dola avèk itilizasyon melanje aprè seleksyon konpetitif la*

*Devlopman pwopoze a pral genyen tou kay pèmanan nan Climate Museum san bi
likratif ak otèl pou sipòte sant konvansyon ki pi frekante nan Nouyòk nan Javits*

Gade reprezantasyon grafik yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a seleksyon Hudson Boulevard Collective — yon patenarya Konpayi BRP yo, BXP, Moinian Group la ak Urbane Development, avèk biznis minorite a posede yo ki reprezante 31 pousan ekip devlopman an — kòm antite yo deziyen yon fason kondisyonèl pou kreye yon pwojè transfòmasyon 1.35 milya dola pou itilizasyon melanje nan 418 Eleventh Avenue nan Manhattan, yo rele tou "Sit K" nan Jacob K Javits Convention Center. Devlopman sa a reprezante premye pwojè nan Vil Nouyòk ki gen pèmasyon pou konstwi nan yon koyefisyen okipasyon teren rezidansyèl ki pi wo pase 12.0, yon refòm dekoupaj teritwa ki pèmèt plis kay posib bati gras ak refòm lojman Gouvènè Hochul te adopte nan Bidjè ane fiskal 2025 la. Aprè yon pwosesis akizasyon konpetitif konplè, HDSN devlopman ki pwopoze a, ki pwononse "Hudson", ap kreye 1,349 inite rezidansyèl, ki gen ladan 404 kay abòdab pou tout tan, anfas Jacob K. Javits Convention Center. Plan konstriksyon kontinyèl la òganize pou bay priyorite ak eleman rezidansyèl la epi akselere livrezon lojman ki nesèsè anpil. Pwojè sa a make yon etap enpòtan nan ogmante rezèv lojman pou abòde kriz lojman Nouyòk la pandan l ap kreye yon nouvo destinasyon ki bèl nan Pwent Lwès Manhattan.

"Devlopman transfòmasyon sa a enkòpore vizyon nou pou avni Nouyòk — sa ki kreye kay abòdab, avanse ak objektif klimatik nou yo ak jenere opòtinite ekonomik pou tout Nouyòkè yo. Lè nou itilize nouvo dispozisyon pou dansite rezidansyèl yo nou te garanti nan bidjè ane pase a, HDSN demontre kijan chanjman politik entelijan yo ka debloke devlopman lojman abòdab ki gen anpil valè," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a

se yon egzanp sou fason devlopman reflechi ka abòde kriz lojman nou an pandan y ap bati kominote ki dinamik ak enklizif. Nouyòk ap dirije yon lòt fwa ankò nan montre sa ki posib lè nou panse avèk odas sou avni vil nou yo".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Devlopman Sit K reprezante yon moman enpòtan nan evolisyon Pwent Lwès Manhattan. Pwojè yo pwopoze sa a pral bay lojman abòdab ki enpòtan anpil epi favorize kwasans ekonomik atravè yon melanj dinamik itilizasyon rezidansyèl, kiltirèl ak ospitalite. Atravè patenarya inovatè piblik-prive sa a ak Hudson Boulevard Collective, n ap avanse devlopman dirab ki konsantre sou devlopman kominote a ki pral ranfòse avni Nouyòk epi demontre sa ki posib lè gouvènman ak endistri travay ansanm pou sèvi kominote nou yo".

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk (New York State Homes and Community Renewal) la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Redevlopman 1.35 milya dola sa a se yon egzanp pafè sou fason refòm politik inovatè Eta a ap kreye benefis alontèm pou Nouyòkè yo. Pi resan bidjè adopte a te angaje l pou sèvi ak tè eta a pou konstwi plis lojman epi pwojè sa a ede respekte angajman sa a. Li pral pote plis pase 1,300 inite lojman nan Manhattan, ki gen ladan plis pase 400 apatman abòdab pou tout tan, pandan l ap transfòme ekonomi lokal Pwent Lwès la tou. Pwojè tankou HDSN se yon temwayaj vizyon Gouvènè Hochul pou kreye kay ki pi abòdab, dirab ak modèn nan chak kominote nan Nouyòk."

Kòm youn nan dènye pasèl eta a posede ki rete nan Manhattan, Gouvènè Hochul te fè lojman — ak kreyasyon inite rezidansyèl abòdab — yon pi gwo priyorite pou itilizasyon 418 Eleventh Avenue nan lavni. Anba lidèchip Gouvènè a, Empire State Development te re-pibliye yon Demann pou Pwopozisyon an jiyè 2023 ki te reflekte enterè kominote ki antoure a epi ki te fè avanse objektif lojman ak devlopman ekonomik eta a. Dirije pa ekip pwofesyonèl byen imobilye, legal, ak akizisyon ESD yo, pwosesis revizyon konpetitif la te enkli yon analiz konplè sou chak pwopozisyon ak entèvyou ak tout moun ki reponn ki kalifye. Konstriksyon lojman ak yon anfas sou maksimize kantite inite abòdab te konsiderasyon prensipal la pou akòde pwojè sa a. Kritè seleksyon yo enkli tou eksperyans chak ekip devlopman ak fòs finansye ak angajman pwopozisyon yo genyen pou konstwi espas ak enstalasyon kominotè yo, amelyorasyon nan lari yo, ak kapasite pou jenere nouvo aktivite ekonomik pou sipòte Javits Center ak bon jan kalite lojman.

East Tower HDSN 72 etaj la pral bay youn nan pi gwo devlopman lojman pou revni melanje nan katye a. Nan 1,349 inite rezidansyèl li yo, 30 pousan — 404 apatman — pral abòdab pou tout tan, sa ki garanti estabilite lojman alontèm pou plizyè santèn fanmi nan Nouyòk atravè diferan nivo revni. Eleman abòdab la gen ladan inite pou Nouyòkè ki gen revni mwayen k ap touche jiska 130 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) ak lojman mendèv pou moun k ap touche yon mwayèn 60 pousan AMI. Inite abòdab yo pral entegre nan tout batiman nan, epi rezidan yo bay aksè egal a tout ekipman yo. Melanj inite rezidansyèl la gen ladann apatman yon sèl pyès, yon chanm,

de chanm a kouche, ak twa chanm a kouche, tout ki gen machin pou lave ak sechwa nan inite yo ansanm ak chofaj santral ak refwadisman.

West Tower 28 etaj la pral ranfòse konvansyon ak enfrastrikti touris Vil Nouyòk ak yon devlopman otèl prensipal. Tou an pral genyen yon otèl ki gen 455 chanm ak sèvis konplè, ki ofri akomodasyon atravè plizyè pri. Eleman otèl la gen ladan ekipman ki fèt pou sipòte operasyon Javits Center yo, ki gen ladan espas sal dans, sal reyinyon, zòn pre-fonksyon, lokal manje ak bwason, espas reyinyon enfòmèl fleksib, yon sant espò, ak ekipman deyò tankou yon twati ki bay sou Rivyè Hudson.

Podium senk etaj devlopman an pral etabli yon lyen nan enstalasyon kiltirèl, edikasyon, ak kominotè ki gen pwèn santral kay pèmanan nan Climate Museum, prensipal mize Amerik di Nò dedye a chanjman nan klima ak solisyon klima. Okipe 24000 pye kare sou twa etaj, li pral genyen espas egzibisyon, yon sant aksyon, ak enstalasyon edikasyon. Mize a pral prezante pwogram ClimateTech, ki òganize an patenarya ak NYSEDA pou sipòte antreprenè yo devlope solisyon inovatè klimatik atravè resous planifikasyon fabrikasyon, pwogram konsèy, ak espas atelye.

Sant kominotè a pral avanse tou devlopman mendèv ak inisyativ byennèt atravè de patenarya kle. Emma's Torch prevwa pou mete yon restoran ak yon etablisman fòmasyon 372 mètr kare (4000 pye kare), ki ofri fòmasyon gastwonomik ak sèvis plasman travay pou refijye, moun ki nan azil, ak sivivan trafik moun atravè pwogram entansif aprantisaj 10 semèn li a. Konplete enstalasyon sa yo, yon dènye 5,600 mètr kare (60,300 pye kare) sant espò ak byennèt pral bay pwogram sante ak byennèt konplè sou kat etaj, ki gen ladan yon pisin deyò ak teras sou do kay, k ap sèvi rezidan yo ak kominote pi laj la. Batiman gen ladan yon pòsyon 465 mètr kare (5,000 pye kare) nan devlopman rezève pou opsyon pwogramasyon kominotè nan lavni.

Alinyman ak objektif klima prensipal Eta Nouyòk nan peyi a, HDSN pral vize sètifikasyon LEED Gold epi enkòpore sistèm batiman ki efikas nan jesyon avanse enèji ak dlo, ki gen ladan resiklaj dlo ki itilize deja ak re-itilizasyon dlo lapli pou irigasyon, epi li pral itilize materyèl dirab pandan tout konstriksyon. Anplis de sa, Climate Museum lan planifye pou pouswiv Sètifikasyon Living Building Challenge ak operasyon zewo anprent kabòn. Inisyativ sa yo pozisyon HDSN kòm yon modèl pou lidèchip anviwònman ak devlopman iben dirab.

Devlopman HDSN pral kreye gwo opòtinite ekonomik alontèm pou Eta Nouyòk atravè konstriksyon ak kreyasyon travay pèmanan. Pwojè a espere jenere plizyè milye djòb konstriksyon pandan peryòd devlopman plizyè ane li a, ki te gen plizyè santèn pozisyon pèmanan atravè Ospitaliteki swiv li, Vann an Detay, enstitisyon kiltirèl, ak operasyon batiman yo. Otèl la pral ranfòse patikilyèman ekonomi touris Vil Nouyòk nan agrandi opsyon akomodasyon pou patisipan kongrè Javits Center yo, sa ki ede atire plis evènman ak konferans gwo echèl nan vil la.

Angajman pwojè a anvè kominote a depase enpak ekonomik atravè espas piblik ki byen fèt yo. Hudson Boulevard Collective te fè anpil amelyorasyon espas piblik ki pral

transfòme eksperyans pyeton an sou 35th Street. Amelyorasyon sa yo gen ladan nouvo amenajman, zòn pou chita, ak ekleraj ki amelyore ki pral kreye koneksyon san pwoblèm ant Javits Center, Bella Abzug Park, ak distri Hudson Yards ki pi laj. Kote pwojè a ofri aksè eksepsyonèl transpò piblik, ak koneksyon dirèk ak liy tren 7, otobis M34 ki travèse vil la, ak yon ti mache pou Moynihan Train Hall ak Penn Station.

Pwojè yo pwopoze a pral se Kòporasyon Konvansyon Sant Devlopman (New York Convention Center Development Corporation) ki pral finanse li, yon sipòtè Empire State Development, anba yon Plan Pwojè Jeneral. Li pral oblije sibi revizyon anviwònman an dapre Lwa sou Revizyon Kalite Anviwònman Eta a (State Environmental Quality Review Act, SEQRA) epi yo pral prezante l pou revizyon ak kòmantè piblik anvan konsiderasyon final li ak apwobasyon.

Kofondatè BRP Companies ak Managing Partner Geoff Flournoy te deklare,

"Pwojè inogirasyon sa a montre yon efò san parèy pou ede rezoud kriz lojman abòdab Vil Nouyòk atravè devlopman inovatè ki pral pouse kwasans ekonomik epi ki pral bay yon opòtinite lojman ekitab ki nesèsè anpil nan Bò Lwès Manhattan. Nou espere kontinye travay ansanm ak patnè nou yo, Vil la, Eta a ak tout antite kominotè ki enplike yo pandan n ap avanse nan pwochen faz yo pou kreye lojman ki nesèsè pou Nouyòkè yo ki pral leve kominote ki antoure a pou asire kwasans alontèm li ak estabilite."

Vis Prezidan Egzekitif BXP New York Region Hilary Spann te deklare,

"Nouyòkè yo vle aksè pratik nan lojman bon jan kalite abòdab toupre opòtinite travay ak ekipman piblik tankou Hudson River Park, bòdmè ak High Line. Nou kontan pou sipòtè evolisyon kominote a pou mete itilizasyon enpòtan sa yo. Nou espere tou pou nou travay nan tèt kole ak patnè nou yo nan eta a ak vil la pou avanse pwojè transfòmasyon sa a."

Direktè Egzekitif Jeneral Gwoup Moinian Joseph Moinian te deklare,

"Nan mitan yon kriz lojman istorik atravè Vil Nouyòk, pwojè sa a reprezante yon etap esansyèl nan livrezon kay ki nesèsè yo nan Bò Lwès Manhattan. Nou espere avanse pwojè transfòmasyon sa a pou kominote Bò Lwès la, yon rejyon Manhattan kote konpayi nou an byen entegre epi li angaje l."

Direktè Egzekitif Jeneral Urbane Development, James Johnson-Piatt, te deklare,

"Nou kontan anpil pou nou patisipe nan devlopman transfòmasyon sa a ki nan kè Hudson Yards ak Bò Lwès la. Pwojè sa a pral bay bon jan kalite lojman abòdab, ki fèt ak yon apwòch klimatik ki ap itilize metòd dirabilite dènye kri. Anplis lojman, li pral ankouraje itilizasyon kominotè ki mennen nan devlopman ekonomik ak mendèv, yon plan solid, epi amelyore eksperyans Javits pou vizitè yo ak rezidan yo. Nou kontan kolabore ak patnè nou yo nan Hudson Boulevard Collective, Eta a, ak Vil la pou pote vizyon inik sa a na lavi".

Prezidan Minisipalite Manhattan Ian, Mark Levine, te deklare,

"Sa a se yon gwo etap annavan pou devlopman Sit K, youn ki pral debloke plis pase mil inite lojman epi ede rezoud kriz lojman abòdab nou an. Kòm premye pwojè ki sèvi ak alokasyon pou dansite ki ogmante, sit sa a pral ouvri wout la pou plis lojman epi montre kijan nou ka bati yon

vil ki pi bèl ak enklizif. Anplis bay Nouyòkè yo kay ki nesesè anpil, li pral tou loje Climate Museum lan ak yon sant kominotè vital, ki se eleman adisyonèl ki enteresan. Sit sa a te enkli nan rapò Housing Manhattanites mwen an akòz opòtinite li prezante a, e mwen kontan li ap vanse."

Prezidan Manhattan Community Board 4, Jessica Chait, te deklare, "Anons jodi a se rezilta, an pati, nan plizyè ane ap defann kominote a ak apwòch kolaborasyon biwo Gouvènè dirije ki priorize lojman ak enstalasyon kominotè yo. Manhattan Community Board 4 bat bravo pou kreyasyon 1,349 inite lojman, 30% ki pral abòdab pou yon seri revni. Angajman gouvènè a pou konstriksyon lojman an pral bay priorite epi li pa depann de finansman altènatif tankou otèl la, akonpli yon objektif ki dire lontan nan Plan Lojman Abòdab MCB4 la".

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman ki soti nan kèk restriksyon Eta enpoze pou kreye plis lojman nan Vil Nouyòk, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a ak nouvo pwoteksyon pou lokatè pwopriyete yo.

Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè a te anonse yon plan lojman senkan, 25 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 45,000 kay jiska dat.

Out pase a, Gouvènè Hochul te anonse tou Pwogram Kominote pou Lojman an. Sètifikasyon Kominote An Favè Lojman an se yon egzijans pou lokalite yo jwenn aksè jiska 650 milyon dola nan finansman opsyonèl Eta a. Nan jou sa a, plis pase 250 kominote te sètifye, enkli Vil Nouyòk.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)